

## **Li nga wara xam ci Sañ-sañu ab Laqukaay sooy sooga aksi niki ab mag kese wala mag mu andak njabóotam**

So nekkee benn mag buy sooga aksi wala nga bokk ci ab njabóotu mag yuy sooga aksi, am nga sañ-sañu am ab laqukaay ci New York City so amul beneen laqukaay bu wóor bi ngay fanaan te mëno am dëkkuwaay buy sax. Dañ lay jàppee ni "Kuy Sooga Aksu" sudee da nga aksi Amerik bisu 15 Mars 2022 wala beneen bis bi ci topp te ngay ñaan asil.

Dañ lay jappee niki ab "mag" so amee 18 at wala lu ko ëpp. Dañ lay jappee niki "njabóotu mag" sudee yaw ak ñi bokk ci njabóotu mag amuleen benn doom fii bu amagul 21 at. Dañ la jappee niki ab "mag kese" sooy bindu ngir sa bopp kese. Donte am nga sañ-sañu am ab laqukaay so amul beneen barab bu wóor booy fanaan, dëkk bi dina la laaj nga def yenn jéego ngir werlu ne mën nga ci am. Leeral nañu bu baax yile jéego fii ci suuf.

Xibaar yii ci mag yuy sooga aksi kese lañuy jëfee. Leeral yii du jëfe ci njabóot yuy Sooga Aksi ci New York te andak ay mineur (xale yu amagul 21 at) wala nit yu ëmb yi. Xibaar yii duñu jëfee ci kenn ku joge ci beneen réew (mag wala njabóot) yu aksi Amerik laata 15 Mars 2022.

## **Fan laay dem ngir bindu ngir am laqukaay ci jamono jii?**

Sudee da ngay sooga aksi te nga soxla laqukaay, da nga wara dem ci Santaru Aksi bu nekk Roosevelt Hotel, 45 E 45th Street, New York, NY, 10017, ci wetu Grand Central Station. Santaru Aksi bi dina ubbi 24 waxtu bis bu nekk, juróom ñaari fan ci benn ayu-bis te mën na la jàppale nga am laqukaay ci New York City wala ci beneen barab bi nga tànn.

Santaru Aksi bi mën na la jox itam ay sàrwiis yu mel ni bindu ci asiransu wergu-yaram, ndimbal ci wàllu paj ak ay sàrwiisi wergu-yaramu xel. Ci Santaru Aksi bi, di nga fa def ab laaj-tontu ngir xool ndax mën nañ la nangu. Sudee bëggoo joge New York City, kon mën nañ la jagleel ab lal ci New York City ci ay xeeti laquwaay yu bari.

## **Nan laay firndélee ni mën naa jot ci ab laqukaay?**

Liggéeykat yi nekk ci Santar bi dina ñu jokkook yaw ci wàllu bépp jokkoo bi nga am ci Amerik, bokk na ci ñi bokk ci say mbokk, say xarit, wala nit yuñu lim ci say wayndare imigarasionj. Di nañ

la laaj ndax mën nga nekk ak nit yooyu. So waxee ni mënnoo nekk ak say xarit, say mbokk wala yeneeni kontak, liggéeykat yi fa nekk di nañ la laaj lu tax mënnoo ko def. Mën nañu woo say kontak ngir laaj leen ndax mën nga nekk ak ñoom. Di nañ la laaj ndax mën nga fayal sa bopp sa kër. Da nga wara tontu laaj yi la liggéeykat yi di laaj ci anam gu dëggu te jappale leen ci laaj-tontu biñ lay defal ci sa nekkiinu bokk. So ko deful, mën nañ la baña nangoo jox ab dëkkuwaay ci laqukaay bi te suboba do ci mënati jot.

### **Lan laay def suñu gisee ni mënnoo ma jot ci ab laqukaay?**

Dëkk daf la wara jox ab keyit buñu bind (ci lakk bi nga taamu) suñu gisee ni mënnoo jot ci ab laqukaay. Dëkk mën naa gis ni duñ la mënna jagleel laqukaay so amee beneen barab bi nga mënna dëkk ci biti laqukaay bi, so mënna feyal sa bopp sa këru bopp, wala so jappale wul ci doxaliinu bindug Dëkk bi. Suñu gisee ni mënnoo ci am, loolu dafay tekki Gox bi dula jox ab laqukaay.

So andul ci dogal bi waral ngay ñakka mënna jot ci ab laqukaay, yëgle bi dina la wax nan ngay def ngir saku ab saytukat xoolaat sa dossier. Mën nga laaj Dëkk bi mu xoolaat sa dossier sudee tànnéefu dëkkuwaay bi ci biti laqukaay bila Dëkk bi raññaatlee: 1) amul kaaràngé; 2) du mënna baax ci sa laago (wala sa bosu mbokk yi) ; wala 3) nit ki dëkk ci adarees boobu (lokateer bi wala boroom kër gi) du la bayyi nga fanaan ci barab boobu. Dëkk bi mën na la laaj nga jox leen ab firndé ci li waral tànnéefu dëkkuwaay bi jappandiwul wala baaxul ci yaw.

Dëkk bi daf la wara jox paasu dem ak dikk ngir dem ci bépp tànnéef buñu raññee niki ab barab bi ngay mënna dem sudul ab laqukaay.

### **Sudee mënnoo ma am ab laqukaay, ndax mën naa tànn ban laqukaay lama Dëkk bi di dugal?**

Déedéet, Dëkk bi dula mey nga tànn sa laqukaay. Waaye, sudee barabu laqukaay bi la Dëkk bi jox amul kaaràngé wala nga mënnoo fa nekk ndax da nga amee ab laago, di war ci ñoom ñu wutal la beneen. So nanguwul laqukaay bila Dëkk bu jox (te Dëkk bi wax ni di nga nekk ci kaaràngé foofu ak ni dina mënna jël sa laago), duñ la jox beneen dëkkuwaay. So nanguwul fiñ la dugal, dina laaj nga wut sa barabu bopp bi ngay nekk ci biti sistemu laqukaayu Dëkk bi. Waaye, sudee fiñ la dugal dëppowul ak say laago, Dëkk bi daf la wara jox beneen dëkkuwaay buy dëppoo ak sa laago.

Ngir am yeneeni leeral ci dëkkuwaayu laago ngir kiliyaan yuñu jappee seen bopp niki gay, lesbien, bissexuel, wala queer (“LGBTQ+”), bësal [fii](#).

### **Ci ban diir laay mënnee nekk ci ab laqukaay sudee benn mag wala njabóotu mag buy sooga aksi la?**

Bis bila Dëkk bi njëkkee dugal ci ab laqukaay, ci nga am sañ-sañu nekk ci laqukaay boobu ci diiru 30 fan. Sudee ab mag nga (bu amagul 23 at), di nga jot gën gaa neew ci ab laquwaayu 60-fan. Sudee ab njabóotu mag nga wala ñi bokk ci njabóot gi yépp amagu ñu 23 at, di nga jot ci ab laquwaayu gën gaa neew 60-fan.

### **Ndax dina jot ci ab yëgle buñu bind ci ban diir laay mëna def ci ab laqukaay?**

Waaw. So aksee ci laqukaay biñ la jagleel, liggéeykat yi di nañ la jox ab yëgley 30-fan (wala ab yëgley 60-fan sudee amago 23 at). Yëgle bii dafay wax ni sa laqukaay bii dina jeex ci 30 wala 60 fan ludul nga laaj wala nga mëna am ci yokkub diir. Mag ñi ak mag yu andak seeni njabóot yuy sooga aksi yépp dina ñu jot ci ab yëgley 30-fan (xala 60-fan) suñu dëkkee ci ab Emergency Response and Relief Center (“HERRC”), santaru noppalu, wala laqukaayu Department of Homeless Services (“DHS”). Ngir am ab leeral ci xeeti laqukaay yu bari yi, bësal [fii](#).

Gën gaa neew benn ayu-bis laata dëkkuwaayu 30-fan wala 60-fan, di nga jot ab keyit buñu bind buy leeral nan lañuy sakkoo ab yokk wala nan lañuy def ngir jot ci ab tiket ngir joge New York City, so ko béggee def. Yëgle bi moo ngi tuddu, "Yëgley Amal Yeneeni Téraliin."

### **Lan laa wara def suma jotee ci ab yëgley 30-fan wala 60-fan?**

Ci jamono ji nga fay nekk ci 30-fan wala 60-fan, da nga wara def ay jéego ci

saasi ngir jéema wut beneen dëkkuwaay. Boole ko ak sa case manager (so ci amee benn) ngir am ndimbal ci wutum dëlkuwaay ak yeneeni costéef yu lay mëna jàppale nga genn ci laqukaay bi. Liggéeykati santar bi war nañ la jox ab Gindikaay (ci lakk bi nga taamu) bu lay xamal costéef yu jàppandi ngir nga genn ci santar bi. Mën nga laaj itam ñiy liggéey ci santar bi ñu jox la ab limu ONG yuy jàppale ñuy Sooga Aksi ak yeneeni gani New York ñu am ab dëkkuwaay.

### **Ndax mën ma yokkal diirup nekk ci laqukaay bu ëpp 30 wala 60 fan?**

Mën nañ la nangul ab yokk so amee ay "circnstances atténuantes". Yenn ci circonstances yii bokk na ci:

Da nga gis ab barab booy dëkk, te di nga fa mëna dëkk ci diirup 30 fan

Da nga nara joge New York City fii ak 30 fan

Da nga am ab ojans wala beneen procès imigrasioŋ ci biir 30 fan yuy ñëw

Da nga joge ci ab pajum feebaar bu metti

Da nga am ab paj mu metti wala ab rendez-vous ngir ab feebaar bu yagg bu lay sonnal ci 30 fan yi ci topp

Da nga jël te wey di amal ay jéego yu metti ngir génn ci laqukaay bi, waaye ba tey amoo fenn fo jëm

So mënul wone ni def nga ay jéego te ngay wey di amal ay jéego ngir am beneen dëkkuwaay wala toxu ci beneen santar, mën nañ la baña nangul nga nekk ci santar bi lu weesu say 30 wala 60 fan.

So jotee ci "Yëgley Amal Yeneen Tëraliin" te nga bëgg a bindu ngir ñu yokkal la da nga wara dem St Brigid Reticketing Center (185 E 7th Street, New York, NY 10009). Santaru njaayum teket bi dafay ubbi bis bu nekk 8 waxtu ci suba ba 7 waxtu ci ngoon. War nga jot ci "Yëgley Amal Yeneen Tëraliin" ci Dëkk bi gën gaa neew benn ayu-bis laata diir bi ngay nekk ci santar bi di jeex. Ak lumu mēna doon, noo ngi leen di digël bu baax ngeen dem ci Santaru Njayum tiket bi laata 30 yi wala 60 fan ngir laaj ñu yokkal la.

So aksee ci Santaru Njayum Tiket bi, waxal ñi fay liggéeyee ni da nga bëgg a "ñaan ñu yokkal la." Mën nañ la laaj ndax am nga luy firndéel ni am nga "circonstances atténuante." bi nga wara wone so ko amee. Liggéeykat yi ci St.

Bridget dina ñu dogal ndax mën nañ la yokkal am déet. Sudee mën nañ la yokkal, liggéeykat yi di nañu defar ab keyitu yëgle bu bees ngir wax la ci ban diir ngay mēna wey di nekk ci santar bi. Sudee mënul nekk, di nga jot ab yëgle ci lakk bi nga taamu bu lay xamal li waral nangu wuñu li ngay laaj. Dina am ab bataaxalu imel bi ngay mēna yónnee ab imel ab saytukat buy mēna xoolaat dogal bi. So amul ab kontu imel wala so mënul yónnee ab imel, liggéeykat yi ci Santaru Njayum Tiket yi di nañ la jappale nga sos ab kont. (So jotee ci ab yëgley ñakka nangu, yéral pàccu "Luy xew suñu nanguwul sama ñaanug yokk?" fii ci suuf ngir am yeneeni leeral.)

Amul fenn fuñuy wax ni fa la ñaanug yokk yi di yem, waaye dina laaj nga wone ni am nga ay "circonstances atténuantes" saa yooy ñaan ab yokk bu bees.

So ñaanul ab yokk laata njeextalu 30 (wala 60) fan, wala sudee nangu wuñu sa yokk, dina laaj nga génn ci santar bi te dem St Brigid Reticketing Center (185 E 7th Street, New York, NY 10009) ngir ñaan beneen dëkkuwaay. Ci jamono jooju, di nga mēna ñaan itam ab tiket ci beneen barab ci Amerik wala bitim-réew.

### **Nan laay firndéeele ni def na jéego yima mën yépp ngir génn ci santar bi?**

So laajee ñu yokkal diir bi ngay nekk ci santar bi, dina laaj nga won liggéeykat yi ci santar bi ne teg nga ay jéego yu am solo ngir jéema joge ci santar bi. Yii ci suuf ay misaali jéego yi nga mēna jël lañu ngir am yeneen dëkkuwaay te gén n ci santar bi:

Jéego/Firndé

### **Teew ci ndaje yépp ak sa case worker ci santar bi**

Bindal bis yi ak waxtu ndaje yii.

### **Jéema am ab rendez-vous ak liggéeykati yoon yi ci sàrwiis imigarasion bi**

Bindal waxtu ak bisu woote yi nga amal yépp, ki nga waxal ak luñ la waxoon. So amee ab rendez-vous buy waaja aksi, bindal waxtu wi ak bis bi.

### **Bindu ngir ñaan asil, kaarange bu neggandiku, wala bépp keyitu imigarsion buñ la mëna nangul.**

Bindal waxtu ak bisu woote yi nga amal yépp, ki nga waxal ak luñ la waxoon. So amee ab rendez-vous buy waaja aksi, bindal waxtu wi ak bis bi. Sudee da nga bindu ba noppi ngir am ab keyitu imigarasion, deñcal ay sotti wu keyit yuy wone ni bindu nga.

### **Wutum Liggéey**

Deñcal keyiti barab yi nga binduwoon yépp ngir bépp xeetu liggéey ak bépp jéego bi nga def ngir am liggéey (bokk na ci li nga ci wax ak say xarit yuy liggéey). Deñcal fenn barab yi nga binduwoon yépp ngir wut liggéey.

### **Porogaraamu toxal**

Sula Dëkk bi mayee sansu bindu ci ab porogaraam ngir "toxu" ci beneen xaaj ci Etaa bi wala ci Amerik, bindul ci porogaraam bi. Deñcal keyit buy wone ni bindu nga.

### **Jokkool ak say xarit ngir dem nekk ak ñoom**

Deñcal ab dosiyee wu bépp woote, jukki, imel ak waxtaan yi nga amal ak say xarit, say mbokk ak say yeneeni kontakt ci seen teewaay ci li àju ci wutum barab bi ngay nekk.

### **Wut Kart dantite wala Permis de conduire**

Bindal jéego yi nga def yépp ngir am foto didantite ak/wala permis de conduire, bokk na ci firndéel bépp rendez-vous bi nga dem ngir am leen.

### **Wut ab nimeru ID wu Juuti ("ITIN")**

Bindal jéego yi nga def yépp, bokk na ci sotti wu wayndare yi nga yónnee wala yuy firndéel rendez-vous yi nga dem ngir bindu ngir am ab ITIN. Da ngay soxla ab ITIN ngir liggéey te fay say juuti ci Amerik.

### **Jang Angale**

Deñcal ab keyitu bépp cours bi nga def so soxla ndimbal ngir jang Angale. Jang Angale mën nala jàppale ngir mëna am liggéey wala wut ab dëkkuwaay.

### **Bindu ngir am Ndimbalu Public**

Deñcal keyit yuy firndéel bépp jéego bi nga def ngir [bindu ngir am Ndimbalu Public](#) sudee mën nga ci am.

## **Tàggat ci liggéey**

Bindul ci ab cours ngir jang liggéey wala ab cours ngir am sartifikaay buy wone ni mës nga liggéey (lu melni OSHA). Bindal bis ak waxtu cours yinga def.

## **Toppal sàrti laqukaay yépp**

So toppul sàrti laqukaay bi, mën la baña yokkal diir bi ngay nekk ci santar bi.

Jéego yu am solo ci yaw ak yi ngay mënna def kese nga wara jël. So mënul jël yenn jéego yi, da nga wara leeralal sa case worker bi ci santar bi li waral nga ñakka mënna def yooyule jéego.

Tektal: Ngir jàppale la nga fattaliku say jéego, jëlal ay foto ci wayndare yi nga jot ak bépp barab bi nga dem sooy jéema génn ci santar bi (entrtien wu liggéey, doxantu ci apartama bi, biro ID, ak yeneen). Deñcal nataal yi ci ab dossier ci sa telefon ngir nga am lépp ci sa loxo.

## **Suma amee ab laago, ndax mën nañ ma yokkal sama nekkiin ci santar bi?**

Sudee yaw wala ku bokk ci seen kër dafa amee ab laago wala ab feebar bu yagg ci moom buy tax muy jafe ci moom mu binduwaat ngir am wala soppi laqukaay, mën nañ la yokkal. Yile xeeti yokk ñoo ngi leen di woowee "dëkkuwaay yu jaadu." Sudee laago bi dafa leer te mu nekk luñuy gis (lu melni fauteuil roulant), du jar ngay am luy firndéel laago bi. Sudee laago bi lerul wala nekkul luy feeñ, da nga wara wut ab keyit ci ab doktoor (wala beneen nit bu am xarañtéef ci wàllu laago) bu lay xamal lu tax nga soxla ñu yokkal la diir bi ngay nekk ci santar bi nga nekk wala ab exception ci bépp sàrt. Nit kuy bind keyit bi soxlawul muy nekk ab doktoor, waaye mën na doon ab thérapeute, asistañ sosial, wala beneen liggéeykat bu xam sa laago. Suñ la joxe dëkkuwaay bu jaadu, di nañ la jagleel ab yokk bu toll ci 30(wala 60)-fani dëkk ci santar bi.

Karmat: ame ab laago nekkul lu dooy ngir ñu war la yokkal, keyit bi joge ci ab doktoor wala ab aji-xarañ dafa wara leeral lëkkaloo (wala laale) bi am digante sa laago ak li ngay soxla dëkkuwaay bu jaadu wala yokkutey sa dëkkuwaay.

## **Luy xew suñu nanguwul sama ñaanug yokk?**

Sudee nangulu ñu la, di nga jot ab yëgle buñu bind (ci lakk bi nga taamu) bu am ab adareesu imel bi ngay mënna yónnee imel ngir ab saytukat xoolaat sa dosiyee. So gëmee ni dogal bi baaxul te nga laaj ñu xoolatal la ko, saytukat bi daf ko wara xoolaat ci lu gaaw te xamal la ndax soppi nañu dogal bi, biñ ko saytoo ba noppi. So amul ab kontu imel wala so mënul yónnee ab imel, liggéeykat yi ci Santaru Njayum Tiket yi dina lla wara jappale nga sos ab kont.

So laajul ñu yokkal la laata sa yëgley 30 wala 60-fan bi di weesu, dina laaj nga génn ci santar bi. Donte mën nga bayyi say bagaas ci laqukaay bi nga nekk nii ci diirup 10 fan gën gaa bari, digalu ñu leen ngeen def ko. Yenn nit yuy sooga aksi xamlewoon nañu dañoo reeral wala ñu sacc seeni yëf.

So amul beneen barab booy dem wala ñu bañ la yokkal, mën nga dem ci ab santaru dalal. Ab santaru dalal barab la bi nga xamantane da nga ciy mënna nekk ci biir ci guddi, waaye du am lal – ay siis kese lay am. Santaru dalal bi dina am ay wanag ak ay lekk. Di nañ la mey itam nga mënna dem ci sangukaay yi mu doon ci barab bi wala ci beneen barab ci Dëkk bi. Laajal liggéeykat yi nekk ci Santaru Njayum Tiket yi ñu won la noon def ngir dem ci ab santuru dalal. Su am ab jafe-jafe ci jawwu ji, mën nga nekk ci biir ci ab laqukaay wala ci ab santaru dalalu dëkk bi.

### **Jot Ndimbal**

So soxlaa kuy lay jàppale bi ñu gisee ni mënnoo am ci laqukaay yi, nangu wuñu ñu yokk diir bi ngay nekk ci laqukaay bi, wala so soxlaa dëkkuwaay ndax li nga doon ab laago, mën nga woo waa Legal Aid Society's Homeless Rights Project ci 212-298-3160.

Mën nga jot itam Porogaraamu Crisis Intervention ca Coalition for the Homeless so wootee ci 1-888-358-2384 ci bisu liggéey yi digante 9 waxtu ci suba ak 5 waxtu ci ngoon. Liggéeykati Coalition for the Homeless mën nañ la jàppale ci telefon wala war nañu mënna joxe ay ndaje ci seen teewaay ci ay rendez-vous kese. Ngir jël rendez-vous da ngay njékka woote ci buumu jokoo bi.

### **Deggoo wu ñakka kiliftéef**

Xibaar yii nekk ci wayndare bii The Legal Aid Society moo leen waajal ngir ay jubluwaayi xamle kese te nekku ñu ay tektali yoon. Joxe wuñu xibaar yii ngir sos, te seen jotiin nekkul ab lëkkaloo bu am digante kiliyaan ak awokaa. Warulo jëfee benn xibaar te seeti woo nit ku xarañ ci wàllu yoon.